



Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi  
Republik Indonesia  
2023

# Kepéngin Dadi Setyaki

Ingin Menjadi Setyaki



Penulis : Rahma Khoirunnisa El Fahmi  
Illustrator: Septama

**B2**





Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi  
Republik Indonesia  
2023

# **Kepéngin Dadi Setyaki**

## **Ingin Menjadi Setyaki**

Penulis : Rahma Khoirunnisa El Fahmi  
Ilustrator : Septama  
Penerjemah: Rahma Khoirunnisa El Fahmi

**Hak cipta pada Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi Republik Indonesia.**

Dilindungi Undang-Undang.

Penafian: Buku ini disiapkan oleh pemerintah dalam rangka pemenuhan kebutuhan buku pendidikan yang bermutu, murah, dan merata sesuai dengan amanat dalam UU Nomor 3 Tahun 2017. Buku ini diterjemahkan dan ditelaah oleh berbagai pihak di bawah koordinasi Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi. Buku ini merupakan dokumen hidup yang senantiasa diperbaiki, diperbarui, dan dimutakhirkan sesuai dengan dinamika kebutuhan dan perubahan zaman. Masukan dari berbagai kalangan yang dialamatkan kepada penulis atau melalui alamat posel balaibahasadiy@kemdikbud.go.id diharapkan dapat meningkatkan kualitas buku ini.

**KEPÉNGIN DADI SETYAKI  
(INGIN MENJADI SETYAKI)**

Penulis : Rahma Khoirunnisa El Fahmi

Ilustrator : Septama

Penerjemah : Rahma Khoirunnisa El Fahmi

Penyunting : Tarti Khusnul Khotimah

Penata letak: Septama

**Penerbit**

Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi

Dikeluarkan oleh

Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta

Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Yogyakarta

<https://balaibahasadiy.kemdikbud.go.id>

Cetakan Pertama, 2023

ISBN 978-623-112-454-8 (PDF)

Isi buku ini menggunakan huruf Andika New Basic, Segoe UI.  
ii, 24 hlm., 21 x 29,7 cm.



## Kepala Balai Menyapa

Hai, pembaca yang budiman.

Kami mempersembahkan buku-buku cerita bernuansa lokal Daerah Istimewa Yogyakarta. Pembaca dapat menikmati cerita dan ilustrasi yang menarik di dalamnya.

Buku-buku cerita ini disajikan dalam dua bahasa, yaitu bahasa Jawa dan bahasa Indonesia. Semoga buku ini menumbuhkan minat membaca dan semangat melestarikan bahasa daerah serta menginternasionalkan bahasa Indonesia.

Selamat membaca!

Kepala Balai Bahasa Provinsi DIY

Dwi Pratiwi



Mbah Sadi seneng wayang kulit.

Jaréné, olèhé seneng wis kawit bocah.

Nèk ana kabar wong nanggap, mesthi digolèki papané.

Embuh awan embuh bengi banjur nonton.

Ora kétang nèk wayah bengi sok keturon.


Kakek Sadi suka wayang kulit.

Katanya, sejak usia anak-anak Kakek Sadi sudah menyukainya.

Bila terkabar ada orang menanggap wayang, ia pasti mencarinya.

Entah siang entah malam, ia tetap menonton.

Meski Ketika malam sudah larut, ia kadang tertidur.





Amarga kerep nonton,  
Mbah Sadi apal lakon  
wayang.

Jeneng-jenengé wayang,  
ya, okèh sing diapali.

Arané negara lan ratuné  
iya ngerti.

Mbah Sadi uga duwé buku  
lakon wayang.

Bukuné isih kerep diwaca  
lan ditonton gambaré.

Karena sering  
menonton, Kakek Sadi  
hafal cerita wayang.

Nama tokoh-tokoh  
wayang banyak pula  
yang ia hafal.

Ia juga tahu nama-  
nama negara dan  
rajanya.

Kakek Sadi juga punya  
buku cerita wayang.

Buku itu masih sering  
ia baca dan ia lihat  
gambaranya.



Sutarta kerep dicritani wayang dening Mbah Sadi.

Mula, Sutarta seneng wayang, banjur nontonni gambar wayang.

Malah dheweke uga njaluk ditumbaské wayang kerdhus.

Embahé olèhé numbasaké mbaka siji, suwé-suwé dadi akèh.

Setyaki-né ora mung siji.

Setyaki-né ana telu nèk ra malah papat.

Kadhangkala wayang mau dilakokaké, tirtu-tiru dhalang mayang.


Kakek Sadi menyukai wayang hingga sekarang.

Jika ada pertunjukan wayang di dekat rumahnya, ia pasti menyaksikan.

Setiap malam, siaran wayang di radio yang ia dengarkan.

Ya ..., wayang menghadirkan kepuasan tersendiri bagi Kakek Sadi.

Wayang menjadi klengenan bagi Kakek Sadi.





Mbah Sadi kerep ngancani Sutarta dolan.

Mula Sutarta dadi cedhak karo simbahé iku.

Sutarta kadhangkala digawèkaké dolanan.

Upamané, glindhingan utawa bedhilan empring.

Mbah Sadi kerep ndongèng kéwan-kéwan utawa crita wayang.

Sutarta olèhé ngrungokaké nganti ndomblong.

Kakek Sadi sering menemani Sutarta bermain.

Karena itulah Sutarta akrab dengan kakeknya.

Kadang-kadang Sutarta dibuatkan mainan.

Misalnya, mobil-mobilan atau senapan bambu.

Kakek Sadi sering menceritakan dongeng binatang atau cerita wayang.

Sutarta mendengarkannya hingga ter bengong-bengong.





Sutarta paling seneng crita wayang.

Mbah Sadi banjur nyritakaké Setyaki perang tandhing.

Perang tandhing kuwi perang siji mungsuh siji.

Lawané Setyaki jenengé Singamulangjaya.

Perangé Setyaki lan Singamulangjaya adu rosa, cengkah-cengkahan.

Sutarta paling suka cerita wayang.

Kemudian Kakek Sadi menceritakan Setyaki perang tandhing.

Perang tandhing adalah cara perang satu lawan satu.

Lawan Setyaki bernama Singamulangjaya.

Setyaki dan Singamulanjaya perang adu kekuatan.





Setyaki ngesuk  
Singamulangjaya, nganti  
tiba klumah.

Singamulangjaya tangi,  
genti ngesuk, Setyaki tiba  
klumah.

Kekarone banjur padha  
banting-bantingan, genti-  
gentèn njunjung lan  
nguncalaké.

Papan sing dianggo  
tandhing, lemahé dadi  
okèr-okèran.

Bledugé mabul nglilipi  
mata.

Setyaki menyerang  
Singamulangjaya hingga  
jatuh telentang.

Singamulangjaya berdiri  
balas menyerang Setyaki,  
Setyaki ganti jatuh  
telentang.

Kemudian mereka  
saling banting, berganti  
mengangkat dan  
melemparkan lawan.

Arena tanding menjadi  
acak-acakan, tanahnya  
berhamburan.

Debunya mengepul  
masuk ke mata.



Suwé-suwé  
Singamulangjaya napasé  
kalah dawa.

Singamulangjaya mengkis-  
mengkis, marga wis tuwa.

Tandangé wis ora trampil,  
bola-bali tiba marga  
diserang.

Pungkasané Setyaki  
menang.

Singamulangjaya kalah,  
banjur pasrah.

Lama-kelamaan  
Singamulangjaya kalah  
pernapasan.

Napasnya tersengal-  
sengal karena sudah tua.

Gerakannya sudah tidak  
tangkas lagi.

Ia sering jatuh kena  
serangan lawan.

Akhirnya, Setyaki menang.

Singamulangjaya  
menyerah dan mengaku  
kalah.





Mbah Sadi banjur nuduhaké gambar Setyaki saka buku.

Amarga weruh gambare, Sutarta sangsaya ketarik karo Setyaki.

Dheweke banjur takon werna-werna bab Setyaki.

Mbah Sadi ngendika, Setyaki kuwi kasatriyané ing Swalabumi.

Setyaki dadi senapatiné Prabu Kresna ing negara Dwarawati.

Dwarawati dadi aman, ora ana negara sing wani mungsuhi.

Kakek Sadi nunjukke gambar Setyaki yang ada di buku.

Melihat gambar Setyaki, Sutarta semakin tertarik pada tokoh itu

Sutarta lalu mengajukan bermacam-macam pertanyaan tentang Setyaki.

Kakek Sadi menjelaskan bahwa Setyaki merupakan kesatria Kerajaan Swalabumi.

Setyaki diangkat oleh Prabu Kresna sebagai senapati negeri Dwarawati.

Negeri Dwarawati menjadi aman, tidak ada yang berani memusuhi.





Jaréné Mbah Sadi, Setyaki pancèn senapati pilih tandhing.

Setyaki nèk perang ora tau kalah.

Gamané Setyaki gada, jenengé Gada Wesikuning.

Sing paling penting, Setyaki kuwi duwe watak satriya sejati.

Sutarta nyuwun pirsá, “Watak satriya sejati niku pripon, Mbah?”

“Satriya sejati yaiku sing béla negara lan bebener,” Mbah Sadi paring wangsulan.

Menurut Kakek Sadi, Setyaki memang senapati hebat.

Ia tidak pernah kalah saat perang.

Senjata Setyaki berupa gada, namanya Gada Wesikuning.

Yang paling utama, Setyaki memiliki watak satria sejati.

Sutarta bertanya, “Bagaimanakah watak satria sejati itu, Kakek?”

“Watak satria sejati adalah sosok pembela negara dan kebenaran,” jawab Mbah Sadi.





Sutarta kerep dicritani wayang dening Mbah Sadi.

Mula, Sutarta seneng wayang, banjur nonton gambar wayang.

Malah dheweke uga njaluk ditumbaské wayang kerdhus.

Embahé olèhé numbasaké mbaka siji, suwé-suwé dadi akèh.

Setyaki-né ora mung siji.

Setyaki-né ana telu nèk ra malah papat.

Kadhangkala wayang mau dilakokaké, tiru-tiru dhalang mayang.

Sutarta sering mendapatkan cerita wayang dari Kakek Sadi.

Oleh karena itu, Sutarta menyukai wayang, lalu memperhatikan gambar wayang.

Bahkan, ia minta dibelikan wayang kardus.

Kakek membelikan wayang satu demi satu, hingga terkumpul banyak.

Wayang Setyaki milik Sutarta ada tiga atau malah empat.

Kadang-kadang wayang-wayang tersebut Sutarta mainkan, menirukan seorang dalang.





”Trècèk cèk cèk cèk,”  
Sutarta nirokaké uniné  
keprak.

”Dlang takdhendang, dlang  
... ning nong ning gerrr.”

Perang ramé, Setyaki  
mungsu buta galak.

Buta galak mangan sapi  
duwèké wong tani.

Setyaki ngoyak, merangi,  
lan akon buta galak bali  
menyang negarané.

Butané dha kalah kabèh,  
dha mlayu mulih.

”Trecek cek cek cek,”  
Sutarta menirukan bunyi  
keprak.

”Dlang takdhendang, dlang  
... ning nong ning gerrr.”

Perang seru, Setyaki  
melawan raksasa buas.

Raksasa buas memangsa  
sapi milik petani.

Setyaki menghajar dan  
menghalau raksasa agar  
kembali ke negerinya.

Raksasa buas kalah, lari  
tunggang langgang, dan  
kembali pulang.



Jaréné Mbah Sadi, Setyaki  
kuwi ora gedhé dhuwur.

Malah ana sing ngarani  
rada kurang dedeg.

Sikilé sing kiwa cacat,  
amarga ketiban gada.

Gadané sapa?

Gadané Wrekudara, dhèk  
tandhingan uncal-uncalan  
gada.

Gadané Wrekudara gedhé  
banget, imbang karo  
dedegé Wrekudara.

Wah, ora adil, sebab ora  
imbang karo pawakané  
Setyaki.

Menurut Kakek Sadi,  
Setyaki tidak berbadan  
besar maupun tinggi.

Bahkan ada yang  
menyebut bentuk  
badannya kurang  
sempurna.

Kaki kirinya cacat karena  
tertimpa gada.

Gada kepunyaan siapa?

Gada milik Wrekudara,  
yang dipakai saat  
bertanding lempar gada.

Gada Wrekudara sangat  
besar, sebanding dengan  
tubuhnya.

Wah, itu tidak adil,  
tidak imbang dengan  
perawakan Setyaki.





Setyaki saguh dijak uncal gada.

Nèk ora saguh, ndhak Wrekudara gela.

Dhisik-dhisiké pancèn imbang rosané.

Suwé-suwé Setyaki kringeté gobyos, banjur rada karépotan.

Tangané lunyu, oléhe nampani gada mrucut.

Wadhuh ..., gadané nibani sikil.

Mula lakuné Setyaki dadi rada pincang.

Setyaki menyanggupi ajakan Werkudara untuk bertanding lempar gada.

Jika tidak bersedia, ia khawatir akan membuat Werkudara kecewa.

Saat awal bertanding, kekuatan Setyaki imbang dengan kekuatan Werkudara.

Lama-kelamaan keringat di tubuh Setyaki mengganggu gerakannya.

Tangan Setyaki menjadi licin, gada yang ia tangkap terjatuh.

Aduh ..., gada menimpa kaki Setyaki!

Karena itulah langkah kaki Setyaki menjadi agak pincang.



Tetandhingan  
diendhegaké.

Wrekudara ngakoni nèk  
bijiné tandhingan padha.

Setyaki rosané imbang  
karo Wrekudara.

Mung merga lagi cilaka  
waé, Setyaki kelaran.

Setyaki tetep élok.

Ora wedi mungsuh gedhé  
dhuwur, kabèh diadhepi.

Setyaki prajurit jempolan,  
béla negara ora wedi  
mati.

Adu tanding gada  
dihentikan.

Werkudara mengakui hasil  
pertandingan mereka sama.

Kekuatan Setyaki  
seimbang dengan kekuatan  
Werkudara.

Hanya karena nahas,  
Setyaki kesakitan dan  
kakinya menjadi pincang.

Setyaki tetap hebat.

Ia tidak takut pada lawan  
yang tinggi dan besar.

Setyaki jempolan, berani  
membela negara dan tidak  
takut mati.





Wuah ... wah, Sutarta  
sangsaya ngerti watak  
Setyaki.

Élok temen, senengané  
Sutarta kaya simbahé.

Seneng wayang.

Seneng watak Setyaki.

Sutarta dadi bocah  
kendel.

Manut karo bapak-ibuné,  
gemang tumindak salah.

Wuah ... wah, Sutarta  
semakin paham watak  
Setyaki.

Sungguh menakjubkan!  
Kesukaan Sutarta sama  
dengan kesukaan Kakek  
Sadi. Suka wayang dan  
suka watak Setyaki!

Sutarta juga menjadi anak  
pemberani.

Patuh kepada orang tua  
dan pantang berbuat  
salah.



Sutarta lulus SD.

Sutarta banjur nerusaké neng SMP.

Sutarta tetep seneng wayang.

Buku-buku kagungané embahé padha diwaca.

Batiné Sutarta kepéngin duwé watak satriya.

Kaya wataké Setyaki.

Sutarta lulus SD dan melanjutkan sekolah di SMP.

Sutarta tetap suka pada wayang.

Buku-buku milik kakeknya ia baca semuanya.


Dalam hati, Sutarta ingin memiliki watak kesatria, seperti Setyaki.





Ana ing SMP, Sutarta  
sangsayana sregap sinau.  
Anggoné njaga kasarasan  
manut pituduh dhokter.  
Olahragana diukur lan diatur  
manut guru.  
Nèk jam ngaso, iya, lèrèn.  
Wayah turu bengi, ora  
nglanggar jam.  
Mula Sutarta waras, ora  
tau kena lara.  
Biji wulangané kabèh apik.

Waktu di SMP, Sutarta  
semakin rajin belajar.  
Ia menjaga kesehatan sesuai  
anjaran dokter.  
Olahragana terukur dan  
teratur sesuai petunjuk guru.  
Saat jam istirahat juga ia  
pergunakan untuk istirahat  
Jam tidur malam tidak  
pernah ia langgar.  
Karena itulah Sutarta sehat  
dan tidak pernah sakit.  
Semua nilai mata pelajaran  
juga bagus.



Kanthi lancar Sutarta  
lulus saka SMP.

Biji Matematika karo IPA,  
dhuwur dhéwé.

Dhèwèké juwara siji.

Wong tuwané seneng  
banget.

Sutarta ditari bapaké,  
arep nyuwun apa?

Aturé Sutarta, nyuwun  
wayang kulit Setyaki.

Sutarta lulus SMP dengan  
lancar.

Pelajaran Matematika dan  
IPA beroleh nilai paling  
tinggi.

Dia berhasil menjadi juara  
pertama.

Orang tuanya sangat  
gembira.

Sutarta ditanya ayahnya,  
mau minta apa.

Kata Sutarta, ia minta  
hadiah wayang kulit  
Setyaki.





Sutarta didangu, arep nerusaké sekolah ana ing endi.

Pilihané Sutarta nerusaké sekolah nèng SMA.

Wayang Setyaki lé maringi bapaké, dipigurahi.

Banjur dipajang ing tembok kamaré.

Bapaké nggreneng, “Bésuk Sutarta dadi dhalang, pa, ya?”

Ibuné nanggapi, “Dadi dhalang, kok, sepréné durung ajar?”

Bapaké mung ngguyu waé, ora ngerti kepriyé bésuké.

Ayah Sutarta bertanya, Sutarta akan melanjutkan sekolah ke mana.


Sutarta memutuskan untuk melanjutkan sekolah ke SMA.

Wayang Setyaki pemberian ayahnya dipigura dan dipajang di kamarnya.

Ayah Sutarta bergumam, “Akankah kelak Sutarta menjadi dhalang?”

Ibunya menanggapi, “Kalau menjadi dhalang, mengapa selama ini belum berlatih?”

Ayah Sutarta tertawa, tidak tahu bagaimana nasib Sutarta kelak.



Taun ganti taun, saiki  
Sutarta wis lulus SMA.

Wuuah ..., Sutarta juara  
siji manèh.

Wong tuwané ndangu,  
“Arep kuliyah neng endi?”

Sutarta matur arep  
dhaptar nèng AKABRI.

Wong tuwané kagèt ning  
seneng, “Sebab apa milih  
AKABRI?”

Sutarta matur, “Kula  
kepéngin dados satriya  
sejati.

Dados prajurit, kados  
Setyaki!”

Tahun berganti tahun,  
Sutarta sudah lulus SMA.

Wuah ..., Sutarta juara  
pertama lagi!

Orang tuanya bertanya,  
“Akan kuliah di mana?”

Sutarta menjawab,  
“Akan mendaftar masuk  
AKABRI!”

Kedua orang tuanya  
terkejut senang, “Kenapa  
memilih AKABRI?”

Sutarta menjawab, “Saya  
ingin menjadi satria sejati.  
Menjadi prajurit seperti  
Setyaki!”





# Biodata

## Penulis dan Penerjemah

Rahma Khoirunnisa El Fahmi lahir di Kulon Progo pada 17 September 1999. Ia saat ini tinggal di Dukuh, RT 05, RW 03, Bumirejo, Lendah, Kulon Progo, Daerah Istimewa Yogyakarta. Ia dapat dihubungi melalui nomor HP 0895323128624.

## Illustrator

Septama, ilustrator kelahiran Yogyakarta ini suka menggambar sejak SD, lalu belajar menggambar dan desain di jenjang D2 Desain Komunikasi Visual di PPKP UNY. Pernah bekerja di penerbit buku PT. Intan Pariwara dan PT CAP. Ilustrator yang memiliki nama alias Sibhe ini, sekarang bekerja di Penerbit Buku Forum Edukasi. Ilustrator juga aktif di media sosial Instagram @bherocknrollan dan Tik-tok @kakcoratcoret.

## Penyunting

Tarti Khusnul Khotimah, lahir dan tinggal di Sleman, DIY. Sejak tahun 2005 hingga sekarang bekerja di Balai Bahasa Provinsi DIY. Kompetensi dasar bidang kebahasaan dan kesastraan ditempa di Fakultas Ilmu Budaya, UGM (S-1) dan Fakultas Bahasa, Seni, dan Budaya, UNY (S-2). Aktivitas yang dikerjakannya, antara lain, menyuluh dan menyunting esai, artikel, dan cerpen. Beberapa karya cerita anak terpublikasi di media massa. Korespondensi dapat dilakukan melalui posel [tarti.khusnul.k@gmail.com](mailto:tarti.khusnul.k@gmail.com).





# (ERDAS) BERLITERASI









MILIK NEGARA

TIDAK DIPERDAGANGKAN

Kakek Sadi menyukai wayang kulit sejak kecil. Beliau antusias ketika ada pagelaran hingga hafal cerita wayang. Suatu ketika, Kakek Sadi menceritakan Wayang Setyaki kepada Sutarta. Setyaki ialah sosok wayang yang berjiwa ksatria dan pemberani. Kakek Sadi menunjukkan gambar Setyaki dan membuat Sutarta tertarik. Bagaimana kisah kehidupan Sutarta dengan tokoh wayang Setyaki selanjutnya? Yuk, simak kelanjutan ceritanya dalam kisah “Kepengin Dadi Setyaki”.



Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi  
Badan Pengembangan dan Pembinaan Bahasa  
2023

ISBN 978-623-112-454-8 (PDF)



9 786231 124548